| | |
|---|---|
| **Iакъидат Iилманан хьалхе** | **الْبِدَايَةُ فِي عِلْمِ الْعَقِيدَةِ** |
| **Яздинарг: Вахьи́д Iабдус-Салá́м Бá́лий** | **تَأْلِيفُ: وَحِيدِ بْنِ عَبْدُ السَّلَامِ بَالِي** |
| **ХIара жайна дагахь Iаморца весет до ас** | **نَنْصَحُ بِحِفْظِ هَذَا الْمَتْنِ** |
| **Гочдинарг: Нурдин кIант Iадлан** | |

| Дешхьалхе | مُقَدِّمَةٌ |
| --- | --- |
| АллахIан бу хастам, Ша цхьаъ волучу, Шеца кхин цхьа а воцучу, | الْحَمْدُ لِلَّهِ الْوَاحِدِ الْأَحَدِ، |
| накъостех а, терачех а, доьзалхо хиларха а цIена волчу. | الْمُنَزَّهِ عَنِ الشَّرِيكِ وَالشَّبِيهِ وَالْوَلَدِ، |
| АллахIера салават а, салам а хуьлда адамийн элана а, | وَالصَّلَاةُ وَالسَّلَامُ عَلَى سَيِّدِ الْبَشَرِ، |
| иштта цуьнан гергарчарна а, цуьнан асхьабашна а, церан лорах мел баханчарна а. | وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ وَمَنِ اقْتَفَى الْأَثَرَ. |
| АллахIера гIо лахарца дIадоладо ас хIара. | وَبِاللهِ أَسْتَعِينُ، |
| ТIетовжар а Цунна ду сан. | وَإِلَيْهِ أَلْجَأُ، |
| Цуьнга ларвар а доьху ас. | وَبِهِ أَعْتَصِمُ، |
| Цул тIаьхьа: | وَبَعْدُ: |
| ХIара доцца Iакъидат жайна ду. | فَهَذَا مُخْتَصَرٌ فِي الْعَقِيدَةِ |

| | |
|---|---|
| Цо чулоцу цуьнан коьрта хаттарш, | يَجْمَعُ أَطْرَافَهَا، |
| цуьнан баххаш а кхетадо цо. | وَيُوَضِّحُ أُصُولَهَا، |
| АллахIе доьху ас вайн дахар иманехь нисдар а, цу тIехь вайн Iожалла яр а, | وَأَسْأَلُ اللهَ أَنْ يُحْيِيَنَا عَلَى الْإِيمَانِ وَيُمِيتَنَا عَلَيْهِ، |
| иштта вайнадукха везначу Мухьаммадан (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) байракхна бухахь вай дIагулдар а. | وَأَنْ يَحْشُرَنَا تَحْتَ لِوَاءِ حَبِيبِنَا مُحَمَّدٍ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ. |

| | |
|---|---|
| **Iакъидат** | **الْعَقِيدَةُ** |
| Цу хьокъехь ялх дакъа ду: | وَفِيهَا سِتَّةُ أَبْوَابٍ: |
| Хьалхара дакъа: АллахIах тешар | الْبَابُ الْأَوَّلُ: الْإِيمَانُ بِاللهِ. |
| ШолгIа дакъа: Маликашха тешар | الْبَابُ الثَّانِي: الْإِيمَانُ بِالْمَلَائِكَةِ. |
| КхоалгIа дакъа: Жайнех тешар | الْبَابُ الثَّالِثُ: الْإِيمَانُ بِالْكُتُبِ. |
| ДоьалгIа дакъа: Элчанех тешар | الْبَابُ الرَّابِعُ: الْإِيمَانُ بِالرُّسُلِ. |
| ПхоьалгIа дакъа: Эхартан дийнах тешар | الْبَابُ الْخَامِسُ: الْإِيمَانُ بِالْيَوْمِ الْآخِرِ. |
| ЯлхалгIа дакъа: АллахIан кхиэлах а, йозанах а тешар | الْبَابُ السَّادِسُ: الْإِيمَانُ بِالْقَضَاءِ وَ الْقَدَرِ. |

| | |
|---|---|
| **Хьалхара дакъа: АллахIах тешар** | **الْبَابُ الْأَوَّلُ: الْإِيمَانُ بِاللهِ** |
| Цу хьокъехь ворхI бакъо ю: | وَفِيهِ سَبْعَةُ ضَوَابِطَ: |
| Хьалхара бакъо: олаллехь АллахI цхьаъ вар: иза - АллахI цхьаъ вар ду, Цуьнна Шен белхашкахь. | الضَّابِطُ الْأَوَّلُ: تَوْحِيدُ الرُّبُوبِيَّةِ: هُوَ إِفْرَادُ اللهِ بِأَفْعَالِهِ. |
| ШолгIа бакъо: лоллехь АллахI цхьаъ вар: иза - Iибадатехь АллахI цхьаъ вар ду. | الضَّابِطُ الثَّانِي: تَوْحِيدُ الْأُلُوهِيَّةِ: هُوَ إِفْرَادُ اللهِ بِالْعِبَادَةِ. |
| КхоалгIа бакъо: ЦIерашкахь а, куцошкахь а АллахI цхьаъ вар: иза - Къуръан чохь а, иштта Шен Элчанан (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) маттехула а Шен ю аьллачу цIерашкахь а, куцошкахь а АллахI цхьаъ вар ду. | الضَّابِطُ الثَّالِثُ: تَوْحِيدُ الْأَسْمَاءِ وَالصِّفَاتِ: هُوَ إِفْرَادُ اللهِ بِمَا سَمَّى وَوَصَفَ بِهِ نَفْسَهُ فِي كِتَابِهِ وَعَلَى لِسَانِ رَسُولِهِ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ. |
| ЙоьалгIа бакъо: АллахIан куьцех тешар ду, харцахьа ца дохуш, маьIна а ца талхош, кхечарех тар ца деш, сурт муха ду хаа а ца гIерташ. | الضَّابِطُ الرَّابِعُ: الْإِيمَانُ بِصِفَاتِ اللهِ مِنْ غَيْرِ تَحْرِيفٍ وَلَا تَأْوِيلٍ وَلَا تَشْبِيهٍ وَلَا تَكْيِيفٍ. |

| | |
|---|---|
| ПхоьалгIа бакъо: Iибаташ деа тайпана ду: | الضَّابِطُ الْخَامِسُ: الْعِبَادَاتُ أَرْبَعَةُ أَقْسَامٍ: |
| 1- ДегIаца деш долу Iибадаташ. | 1- عِبَادَاتٌ بَدَنِيَّةٌ. |
| 2- Маттаца деш долу Iибадаташ. | 2- عِبَادَاتٌ قَوْلِيَّةٌ. |
| 3- Даьхнаца деш долу Iибадаташ. | 3- عِبَادَاتٌ مَالِيَّةٌ. |
| 4- Дагца деш долу Iибадаташ. | 4- عِبَادَاتٌ قَلْبِيَّةٌ. |
| ЯлхалгIа бакъо: Тавассул шина декъе декъалуш ду: | الضَّابِطُ السَّادِسُ: التَّوَسُّلُ قِسْمَانِ: |
| 1- ШарIо магийна долу тавассул: иза - АллахIе тавассул дар (дехар) ду, Цуьнан цIерашха цхьаьна цIарца, я Цуьнан куцошха цхьаьна куьцаца, я дикачу Iамалца, я дикачу стаге доIа де аларца. | 1- التَّوَسُّلُ الْمَشْرُوعُ: وَهُوَ التَّوَسُّلُ إِلَى اللهِ بِاسْمٍ مِنْ أَسْمَائِهِ أَوْ صِفَةٍ مِنْ صِفَاتِهِ، أَوْ بِعَمَلٍ صَالِحٍ، أَوْ بِطَلَبِ الدُّعَاءِ مِنَ الرَّجُلِ الصَّالِحِ. |

| | |
|---|---|
| 2- Цамагийна долу тавассул: АллахIе тавассул дар ду, тавассул ду аьлла, шарIехь сецна боцчу некъаца. | 2- التَّوَسُّلُ الْمَمْنُوعُ: التَّوَسُّلُ إِلَى اللهِ بِمَا لَمْ يَثْبُتْ فِي الشَّرْعِ أَنَّهُ وَسِيلَةٌ. |
| ВорхIалгIа бакъо: Ширкийн баххаш исс бу: | الضَّابِطُ السَّابِعُ: أُصُولُ الشِّرْكِ تِسْعَةٌ: |
| 1- Бозбуунчалла. | 1- السِّحْرُ. |
| 2- Хиндерг хаьа бахар. | 2- الْكَهَانَةُ. |
| 3- Харцбилгалонех тешар. | 3- التَّطَيُّرُ. |
| 4- АллахI воцучуьнан дуьхьа урс хьаккхар. | 4- الذَّبْحُ لِغَيْرِ اللهِ. |
| 5- АллахI воцучуьнна нузар дар. | 5- النَّذْرُ لِغَيْرِ اللهِ. |
| 6- АллахI воцучуьнга ларвар дехар. | 6- الْإِسْتِعَاذَةُ بِغَيْرِ اللهِ. |
| 7- АллахI воцучуьнга кхайкхар (доIа дар). | 7- دُعَاءُ غَيْرِ اللهِ. |
| 8- Седарчашка хьежарца хиндерг хаар, я цара догIа доуьйту, я уьш бахьана долуш догIа догIу бохучух тешар. | 8- الْإِعْتِقَادُ فِي النُّجُومِ وَالْأَنْوَاءِ. |

| | |
|---|---|
| 9- АллахI воцучо пайда бо я зен до аьлла тешар. | 9- الْإِعْتِقَادُ أَنَّ غَيْرَ اللهِ يَنْفَعُ أَوْ يَضُرُّ. |

| | |
|---|---|
| **ШолгIа дакъа: Маликашха тешар** | **الْبَابُ الثَّانِي: الْإِيمَانُ بِالْمَلَائِكَةِ** |
| Цу хьокъехь кхоъ бакъо ю: | وَفِيهِ ثَلَاثَةُ ضَوَابِطَ: |
| Хьалхара бакъо: Маликаш хиларх тешар, иштта уьш дуккха хиларх а тешар, Ша цхьа АллахI воцчунна церан дукхалла а ца хууш. | الضَّابِطُ الْأَوَّلُ: الْإِيمَانُ بِوُجُودِ الْمَلَائِكَةِ، وَأَنَّهُمْ كَثِيرٌ لَا يَعْلَمُ عَدَدَهُمْ إِلَّا اللهُ. |
| ШолгIа бакъо: Маликаш Iибадат дарна тIехь кхоьллина хиларх тешар, церан дозаллаш а, даржаш а тайп-тайпана хиларх а. | الضَّابِطُ الثَّانِي: الْإِيمَانُ بِأَنَّ الْمَلَائِكَةَ جُبِلُوا عَلَى الطَّاعَةِ، وَأَنَّهُمْ مُتَفَاوِتُونَ فِي الْفَضَائِلِ وَالْمَنَازِلِ. |
| КхоалгIа бакъо: АллахIа уьш даккхийрачу гIуллакхашна тIехIиттийна хиларх тешар, Цо царна и гIуллакхаш кхочушдан ницкъ белла хиларх а. | الضَّابِطُ الثَّالِثُ: الْإِيمَانُ بِأَنَّ اللهَ وَكَّلَهُمْ بِوَظَائِفَ عَظِيمَةٍ، وَأَعْطَاهُمُ الْقُدْرَةَ عَلَى تَأْدِيَتِهَا. |

| | |
|---|---|
| **КхоалгIа дакъа: Жайнех тешар** | **الْبَابُ الثَّالِثُ: الْإِيمَانُ بِالْكُتُبِ** |
| Цу хьокъехь пхиъ бакъо ю: | وَفِيهِ خَمْسَةُ ضَوَابِطَ: |
| Хьалхара бакъо: Делера хаамаш беа кепара бу: | الضَّابِطُ الْأَوَّلُ: مَرَاتِبُ الْوَحْيِ أَرْبَعَةٌ: |
| 1- ГIенашца хаамбар. | 1- الرُّؤْيَا الْمَنَامِيَّةُ. |
| 2- Даг чу хаам тасар. | 2- النَّفْثُ فِي الرُّوعِ. |
| 3- Пардона тIехьашхула къамелдар. | 3- التَّكْلِيمُ مِنْ وَرَاءِ حِجَابٍ. |
| 4- Маликан юкъараллица хаам боссор. | 4- الْوَحْيُ بِوَاسِطَةِ الْمَلَكِ. |
| ШолгIа бакъо: Доцца а, кIорггера а АллахIа Шен Элчанашна тIедиссийначу жайнех тешар. | الضَّابِطُ الثَّانِي: الْإِيمَانُ بِالْكُتُبِ الَّتِي أَنْزَلَهَا اللهُ عَلَى رُسُلِهِ إِجْمَالاً وَتَفْصِيلاً. |
| КхоалгIа бакъо: Хьалха диссийна дерриг жайнеш цхьадерш харцахьададьхна хиларх а, вуьш дайна хиларх а тешар. | الضَّابِطُ الثَّالِثُ: الْإِيمَانُ بِأَنَّ جَمِيعَ الْكُتُبِ السَّابِقَةِ قَدْ دَخَلَهَا التَّحْرِيفُ أَوْ فُقِدَتْ. |

| | |
|---|---|
| Йоьалгӏа бакъо: Сийлахь Къуръан - Сийлахь-везачу АллахӀан къамел ду, Цо Шен Элчане (саллаллахӀу ӀалайхӀи ва саллам) доссийна, Ӏарбийн маттахь долуш, ша дешар Ӏибадат долуш, бакъ хиларехь шеко хила йиш йоцчу кепара схьакхаьчна долуш, тептарехь (Къуръан чохь) дӀаяздина а долуш. | الضَّابِطُ الرَّابِعُ: الْقُرْآنُ الْكَرِيمُ: هُوَ كَلَامُ اللهِ تَعَالَى الْمُنَزَّلُ عَلَى رَسُولِهِ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ بِلَفْظِهِ الْعَرَبِيِّ، الْمُتَعَبَّدُ بِتِلَاوَتِهِ، الْمَنْقُولُ بِالتَّوَاتُرِ، الْمَكْتُوبُ فِي الْمَصَاحِفِ. |
| Пхоьалгӏа бакъо: Сийлахь Къуръан - стиглара диссийначу жайнех тӀаьххьарниг ду, и царна тӀехь теш хӀоьттина ду, уьш дӀадохуш а ду. | الضَّابِطُ الْخَامِسُ: الْقُرْآنُ الْكَرِيمُ هُوَ آخِرُ الْكُتُبِ السَّمَاوِيَّةِ نُزُولاً، وَهُوَ مُهَيْمِنٌ عَلَيْهَا نَاسِخٌ لَهَا. |

| | |
|---|---|
| **ДоьалгIа дакъа: Элчанех тешар** | **الْبَابُ الرَّابِعُ: الْإِيمَانُ بِالرُّسُلِ** |
| Цу хьокъехь исс бакъо ю: | وَفِيهِ تِسْعَةُ ضَوَابِطَ: |
| Хьалхара бакъо: АллахIа бахкийтина болчу Элчанех, вайна царех цIерашца бевзачерах а, цIерашца ца бевзучерах а тешар. | الضَّابِطُ الْأَوَّلُ: الْإِيمَانُ بِالرُّسُلِ الَّذِينَ أَرْسَلَهُمُ اللَّهُ، مَنْ نَعْلَمُهُ مِنْهُمْ تَفْصِيلاً وَمَنْ لَا نَعْلَمُهُ إِجْمَالاً. |
| ШолгIа бакъо: Массо а Элчанаш АллахI цхьаъ варца бахкийтина хиларх тешар, церан шариIаташ тайп-тайпана хиллехь а. | الضَّابِطُ الثَّانِي: الْإِيمَانُ بِأَنَّ جَمِيعَ الرُّسُلِ بُعِثُوا بِتَوْحِيدِ اللَّهِ، وَإِنِ اخْتَلَفَتْ شَرَائِعُهُمْ. |
| КхоалгIа бакъо: Элчанаш АллахIа кхоьллина адамаш хиларех тешар, Элчаналла доссорца АллахIа шаьш сийлахьа бина, шайгахь олаллин а, лоллин а цхьана тайпа билгало йоцуш. | الضَّابِطُ الثَّالِثُ: الْإِيمَانُ بِأَنَّ الرُّسُلَ بَشَرٌ مَخْلُوقُونَ أَكْرَمَهُمُ اللَّهُ بِالرِّسَالَةِ، وَأَنَّهُمْ لَيْسَ لَهُمْ مِنْ خَصَائِصِ الرُّبُوبِيَّةِ أَوِ الْأُلُوهِيَّةِ شَيْءٌ. |

| | |
|---|---|
| Йоьалгӏа бакъо: Элчанийн бозалла цхьатерра ца хиларх тешар. Ткъа царех уггар а безанаш - синош чӏогӏа дерш бу. Церан Эла – Мухьаммад (саллаллахӏу ӏалайхӏи ва саллам) ву. | الضَّابِطُ الرَّابِعُ: الْإِيمَانُ بِتَفَاضُلِ الرُّسُلِ، وَأَنَّ أَفْضَلَهُمْ أُولُو الْعَزْمِ، وَسَيِّدُهُمْ مُحَمَّدٌ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ. |
| Пхоьалгӏа бакъо: Пайхамарийн гӏараевлла йолу муӏжиза́таш бархӏ ю: | الضَّابِطُ الْخَامِسُ: مُعْجِزَاتُ الْأَنْبِيَاءِ، أَشْهَرُهَا ثَمَانِيَةٌ: |
| 1- Ну́хь - Пайхамаран (ӏалайхӏис-салам) хӏурда-кема. | 1- السَّفِينَةُ: لِنُوحٍ عَلَيْهِ السَّلَامُ. |
| 2- Са́лихь - Пайхамаран (ӏалайхӏис-салам) эмкал. | 2- النَّاقَةُ: لِصَالِحٍ عَلَيْهِ السَّلَامُ. |
| 3- Да́ву́д - Пайхамаран (ӏалайхӏис-салам) куьйгана эчиг кӏаддар а, лаьмнаша а, олхазарша а цуьнца цхьана тасбихь дар а. | 3- إِلَانَةُ الْحَدِيدِ وَتَسْبِيحُ الْجِبَالِ وَالطَّيْرِ: مَعَ دَاوُدَ عَلَيْهِ السَّلَامُ. |
| 4- Сулайма́н - Пайхамаран (ӏалайхӏис-салам) мох а, олхазарш а, жинаш а муьтӏахь дар. | 4- تَسْخِيرُ الرِّيحِ وَالطَّيْرِ وَالْجِنِّ: لِسُلَيْمَانَ عَلَيْهِ السَّلَامُ. |

| | |
|---|---|
| 5- Ибра́хIи́м - Пайхамар (IалайхIис-салам) цIергахь ца вагар. | 5- عَدَمُ الْإِحْتِرَاقِ بِالنَّارِ: لِإِبْرَاهِيمَ عَلَيْهِ السَّلَامُ. |
| 6- Му́са́ - Пайхамаран (IалайхIис-салам) куьг а, Iаса а. | 6- الْعَصَا وَالْيَدِ: لِمُوسَى عَلَيْهِ السَّلَامُ. |
| 7- Iи́са́ - Пайхамара (IалайхIис-салам) велларг денвар а, дилха дахкадаларан (проказа) цамгарна дарба дар а, дуьнен тIе воллушехь бIаьрзе хиллачунна дарба дар а АллахIан пурбанца. | 7- إِبْرَاءُ الْأَكْمَهِ وَالْأَبْرَصِ وَإِحْيَاءِ الْمَوْتَى بِإِذْنِ اللهِ: لِعِيسَى عَلَيْهِ السَّلَامُ. |
| 8- Вайн Пайхамар Мухьаммадна (саллаллахI IалайхIи ва саллам) бутт бекъабалийтар а, Байтул-Макъдисе вигар а, стигла хьала вакххар а, лераме Къуръан а, уьш доцарш кхин а. | 8- الْقُرْآنُ الْكَرِيمُ وَالْإِسْرَاءُ وَالْمِعْرَاجُ وَانْشِقَاقُ الْقَمَرِ وَغَيْرِهَا: لِنَبِيِّنَا مُحَمَّدٍ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ. |
| ЯлхалгIа бакъо:<br>Пайхамарийн гIаръевлла билгалонаш исс ю: | الضَّابِطُ السَّادِسُ: أَشْهَرُ خَصَائِصِ الْأَنْبِيَاءِ تِسْعَةٌ: |

| | |
|---|---|
| 1- АллахIера хаам боссар. | 1- الْوَحْيُ. |
| 2- Дагахь латтарехь а, дIакхачорехь а, даккхийрачу къинойх а ларбина хилар. | 2- الْعِصْمَةُ فِي التَّحَمُّلِ وَالتَّبْلِيغِ وَمِنَ الْكَبَائِرِ. |
| 3- Церан бIаьргаша наб яхь а, церан дегнаша набарш ца яр. | 3- تَنَامُ أَعْيُنُهُمْ وَلَا تَنَامُ قُلُوبُهُمْ. |
| 4- Лечу хенахь шайгга харжам байтар. | 4- يُخَيَّرُونَ عِنْدَ الْمَوْتِ. |
| 5- Цхьа а Пайхамар велла цахилар а, ялсамани чуьра шайн меттиг гайтина а бен. | 5- لَمْ يُقْبَضْ نَبِيٌّ قَطُّ حَتَّى يَرَى مَقْعَدَهُ مِنَ الْجَنَّةِ. |
| 6- Шаьш беллачу меттехь бен дIабухкуш цахилар. | 6- لَا يُقْبَرُونَ إِلَّا حَيْثُ يَمُوتُونَ. |
| 7- Церан догIмаш лаьтто дууш цахилар. | 7- لَا تَأْكُلُ الْأَرْضُ أَجْسَادَهُمْ. |
| 8- Уьш шай кешнаш чохь дийна хилар, Далла ламазаш а деш. | 8- هُمْ أَحْيَاءٌ فِي قُبُورِهِمْ يُصَلُّونَ. |
| 9- Церан ирс оьцуш цахилар а, царех бухадиснарг сагIина дIалуш хилар а. | 9- لَا يُورَثُونَ، وَمَا تَرَكُوهُ صَدَقَةٌ. |

| | |
|---|---|
| ВорхIалгIа бакъо: АллахIан Элчанах (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) тешар бусалбанехь кхочушхуьлуш дац, пхи хIума цуьнгахь гулделча а бен: | الضَّابِطُ السَّابِعُ: لَنْ يَكْمُلَ إِيمَانُ الْمُسْلِمِ بِرَسُولِ اللهِ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ إِلَّا إِذَا حَقَّق خَمْسَةَ أُمُورٍ: |
| 1- Пайхамара (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) дийцинарг бакъдар. | 1- تَصْدِيقُهُ فِيمَا أَخْبَرَ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ. |
| 2- Пайхамара (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) диначу омранашна муьтIахь хилар. | 2- الْإِئْتِمَارُ بِمَا بِهِ أَمَرَ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ. |
| 3- Пайхамара (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) цамагийначух ларвалар. | 3- الْإِنْتِهَاءُ عَمَّا عَنْهُ نَهَى وَزَجَرَ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ. |
| 4- Пайхамарах (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) тарвалар тIехулахь а, чухулахь а. | 4- التَّشَبُّهُ بِهِ ظَاهِرًا وَبَاطِنًا صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ. |
| 5- Пайхамар (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) хьахийча, цунна салават диллар. | 5- الصَّلَاةُ عَلَيْهِ عِنْدَ ذِكْرِهِ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ. |

| | |
|---|---|
| БархIалгIа бакъо: Эвлаяийн кара́маташ къобал деш ду шина бехкамца: | الضَّابِطُ الثَّامِنُ: كَرَامَاتُ الْأَوْلِيَاءِ ثَابِتَةٌ بِشَرْطَيْنِ: |
| 1- Цо ша Пайхамар ву бохуш цахилар. | 1- أَلَّا يَدَّعِيَ النُّبُوَّةَ. |
| 2- И вовзарца, дика стаг АллахIах кхоьруш стаг хилар. | 2- أَنْ يَكُونَ ظَاهِرُهُ الصَّلَاحَ وَالتَّقْوَى. |
| ИссалгIа бакъо: Асхьабийн хьаккъаш кхоъ ду: | الضَّابِطُ التَّاسِعُ: حُقُوقُ الصَّحَابَةِ ثَلَاثَةٌ: |
| 1- Уьш беза нах хиларх тешар. | 1- اعْتِقَادُ فَضْلِهِمْ. |
| 2- Уьш безар, царна тIехIоттар. | 2- مَحَبَّتُهُمْ وَمُوَالَاتُهُمْ. |
| 3- Царна юккъехь доьжнарг кегорца дийцаре цадар, уьш мужтахIидаш бу, шайн къинхьегамах я цхьаъ, я шиъ ял хуьлуш. | 3- الْكَفُّ عَمَّا شَجَرَ بَيْنَهُمْ، وَأَنَّهُمْ مُجْتَهِدُونَ يَدُورُونَ بَيْنَ الْأَجْرِ وَالْأَجْرَيْنِ. |

| | |
|---|---|
| **ПхоьалгӀа дакъа: ТӀаьххьарчу дийнах тешар** | **الْبَابُ الْخَامِسُ: الْإِيمَانُ بِالْيَوْمِ الْآخِرِ** |
| Цу хьокъехь ялх бакъо ю: | وَفِيهِ سِتَّةُ ضَوَابِطَ: |
| Хьалхара бакъо:<br>Къематдийнан якххийра билгалонаш итт ю: | الضَّابِطُ الْأَوَّلُ: عَلَامَاتِ السَّاعَةِ الْكُبْرَى عَشْرٌ: |
| 1- Дажжáл валар. | 1- الدَّجَّالُ. |
| 2- Ӏи́сá воссар. | 2- نُزُولُ عِيسَى. |
| 3- Яъжýж-Маъжýж къам арадалар. | 3- خُرُوجُ يَأْجُوجَ وَمَأْجُوجَ. |
| 4- Ломах хьайба арадалар. | 4- خُرُوجُ الدَّابَّةِ. |
| 5- Малхбузехьара малх хьалабалар. | 5- طُلُوعُ الشَّمْسِ مِنْ مَغْرِبِهَا. |
| 6- КӀур балар. | 6- الدُّخَانُ. |
| 7- Малхбалехьара латта такхар. | 7- خَسْفٌ بِالْمَشْرِقِ. |
| 8- Малхбузехьара латта такхар. | 8- خَسْفٌ بِالْمَغْرِبِ. |

| | |
|---|---|
| 9- Iарбийн гIайренехь латта такхар. | 9- خَسْفٌ بِجَزِيرَةِ الْعَرَبِ. |
| 10- Йеменехь Iадан юккъера араяьллачу цIаро нах махьшаре лахкар. | 10- نَارٌ تَخْرُجُ مِنْ قَعْرِ عَدَنٍ بِالْيَمَنِ تَسُوقُ النَّاسَ إِلَى مَحْشَرِهِمْ. |
| ШолгIа бакъо: Кошахь бартхаттарх тешаро чулоцуш ши хIума ду: | الضَّابِطُ الثَّانِي: الْإِيمَانُ بِفِتْنَةِ الْقَبْرِ يَتَضَمَّنُ أَمْرَيْنِ: |
| 1- Шина Малико бартхаттарх тешар. | 1- الْإِيمَانُ بِسُؤَالِ الْمَلَكَيْنِ. |
| 2- Кошахь Iазап хиларх а, ниIмат хиларх а тешар. | 2- الْإِيمَانُ بِنَعِيمِ الْقَبْرِ وَعَذَابِهِ. |
| КхоалгIа бакъо: ТIаьххьарчу дийнах тешаро ворхI хIума чулоцу: | الضَّابِطُ الثَّالِثُ: الْإِيمَانُ بِالْيَوْمِ الْآخِرِ يَتَضَمَّنُ سَبْعَةَ أَشْيَاءَ: |
| 1- ГIовтториг хиларх тешар. | 1- الْإِيمَانُ بِالْبَعْثِ. |
| 2- Махьшар-Майдане гулдийриг хиларх тешар. | 2- الْإِيمَانُ بِالْحَشْرِ. |
| 3- Хьавд-хи хиларх тешар. | 3- الْإِيمَانُ بِالْحَوْضِ. |
| 4- Терза хиларх тешар. | 4- الْإِيمَانُ بِالْمِيزَانِ. |
| 5- Шафа́Iат хиларх тешар. | 5- الْإِيمَانُ بِالشَّفَاعَةِ. |

| | |
|---|---|
| 6- Сурт-тIай хиларх тешар. | 6- الْإِيمَانَ بِالصِّرَاطِ. |
| 7- Ялсамани, жоьжахати хиларх тешар. | 7- الْإِيمَانَ بِالْجَنَّةِ وَالنَّارِ. |
| Йоьалгlа бакъо:<br>Къематдийнахь терзанахь узун ерг кхо хIума ю: | الضَّابِطُ الرَّابِعُ: الَّذِي يُوزَنُ يَوْمَ الْقِيَامَةِ ثَلَاثَةٌ: |
| 1- Iамалш. | 1- الْأَعْمَالُ. |
| 2- Тептарш. | 2- الصُّحُفُ. |
| 3- Ша адам. | 3- الْعَبْدُ نَفْسُهُ. |
| ПхоьлгIа бакъо:<br>Къематдийнахь шафáIат хир дац, ши бехкам кхочуш хилча бен: | الضَّابِطُ الْخَامِسُ: لَا تَصِحُّ الشَّفَاعَةُ يَوْمَ الْقِيَامَةِ إِلَّا بِشَرْطَيْنِ: |
| 1- ШафáIат дийрдолчунна шафáIат дан АллахIа пурба далар. | 1- إِذْنِ اللهِ لِلشَّافِعِ أَنْ يَشْفَعَ. |
| 2- ШафáIате хьаштволучунна шафáIат дайта АллахI реза хилар. | 2- رِضَا اللهِ لِلْمَشْفُوعِ لَهُ أَنْ يُشْفَعَ فِيهِ. |

| | |
|---|---|
| ЯлхалгІа бакъо: Къиношна юха ца волуш, веллачуьнан болх АллахІехь бу, Шена лаахь, цунна Іазаплур ду Цо Шен нийсонца, я Шена лаахь - цунна гечдийра ду Цо Шен комаьршонца. | الضَّابِطُ السَّادِسُ: الَّذِي يَمُوتُ مُصِرًّا عَلَى مَعْصِيَةٍ أَمْرُهُ إِلَى اللهِ إِنْ شَاءَ عَذَّبَهُ عَدْلاً، وَإِنْ شَاءَ غَفَرَ لَهُ فَضْلاً وَكَرَمًا. |

| | |
|---|---|
| **ЯлхалгIа дакъа: АллахIан йозанах а, кхиэлах а, доьгIначух а тешар** | **الْبَابُ السَّادِسُ: الْإِيمَانُ بِالْقَضَاءِ وَالْقَدَرِ** |
| Цу хьокъехь ши бакъо ю: | وَفِيهِ ضَابِطَانِ: |
| Хьалхара бакъо: Кхиэлан дакъош диъ ду: | الضَّابِطُ الْأَوَّلُ: مَرَاتِبُ الْقَدَرِ أَرْبَعَةٌ: |
| 1- Хаар. | 1- الْعِلْمُ. |
| 2- ДIаяздар. | 2- الْكِتَابَةُ. |
| 3- Лаар. | 3- الْمَشِيئَةُ. |
| 4- Кхоллар. | 4- الْخَلْقُ. |
| ШолгIа бакъо: Кхиэлаш пхиъ ю: | الضَّابِطُ الثَّانِي: الْمَقَادِيرُ خَمْسَةٌ: |
| 1- Азаллехь дуьйна язйина кхиэл. | 1- التَّقْدِيرُ الْأَزَلِيُّ. |
| 2- ЧIагIо оьцучу дийнахь язйина кхиэл. | 2- تَقْدِيرُ الْمِيثَاقِ. |
| 3- Ненан кийрахь волуш язйина кхиэл. | 3- التَّقْدِيرُ الْعُمُرِيُّ: |

| | |
|---|---|
| 4- Лайлатул-Къадр буса язйина кхиэл. | 4- التَّقْدِيرُ الْحَوْلِيُّ. |
| 5- ХӀора дийнахь язъеш йолу кхиэл. | 5- التَّقْدِيرُ الْيَوْمِيُّ. |
| **Жайна чекхдели! АллахӀана бу хастам, къинхетамечу, комаьршачу, дерриг лучу а!** | **تَمَّ الْكِتَابُ وَالْحَمْدُ لِلهِ الْحَنَّانِ الْمَنَّانِ الْوَهَّابِ.** |